

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kegiatan diajar minangka prosés nyangking pangaweruh, kaparigelan atawa sikep tina panalungtikan, pangalaman ogé narima instruksi ti jalma lianna. Nurutkeun John Dewey, dina (Wulandari, 2020) nétélakeun yén *peserta didik* atawa siswa nyaéta salasihiji subjek atikan nu miboga poténsi dina ngamekarkeun kamampuh jeung kaparigelan dina matotoskeun pasualan-pasualan anu disanghareupan.

Dina prosés diajar basa Sunda ngawengku opat kaparigelan basa, salasihijina nyaéta kaparigelan nulis. Kegiatan nulis mangrupa kaparigelan basa nu sipatna aktif, produktif jeung éksprésif. Fungsi kaparigelan nulis pikeun mantuan prosés mikir tur ngébréhkeun pamadegan, gagasan, idé, pangalaman dina wangun tulistinulis. siswa diperedih diajar jeung tuluy ngasah kaparigelan nulis, lantaran komunikasi sacara tinulis ogé sarua pentingna saperti kaparigelan basa séjénna. (Fardiah, 2016).

Nurutkeun (Tarigan, 2008), dina buku “*menulis sebagai suatu keterampilan berbahasa*” nyebutkeun yén, nulis mangrupa hiji kegiatan anu produktif jeung éksprésif. Dina kegiatan nulis, kudu parigel dina ngamangpaatkeun struktur basa jeung kandaga kecap. Nulis minangka hiji-hijina kaparigelan basa anu dilarapkeun dina komunikasi teu langsung.

Dina prak-prakanana, hésé ngébréhkeun idé nu aya dina pikiran manusa kana wangun tulisan mangrupa hal anu teu ahéng. Lantaran kurang mindengna latihan prakték nulis. Salasihiji cara pikeun ngalatih kaparigelan nulis nyaéta kudu sering prakték tulis-tinulis ngébréhkeun naon anu aya dina pikiran. Lamun dipatalikeun jeung pangajaran basa Sunda, nulis mangrupa hal anu kacida pentingna keur siswa. Ku sabab, teu sakumna jalma bisa ngébréhkeun pamadeganana, idéna atawa naonnaon waé anu aya dina pikiranana kalawan kaharti ku batur.

Dina pangajaran basa Sunda di SMA kelas XI nulis sisindiran mangrupa salasihiji kamampuh nu kudu dicangking ku siswa. Sisindiran nyaéta karya sastra

wangun ugeran (puisi) anu eusina dibalibirkeun, diwangun ku cangkang jeung eusi, pinuh ku purwakanti, sarta umumna dina sapadalisan diwangun ku dalapan engang.

Pasualan nu disanghareupan ku siswa dina nulis sisindiran di antarana; siswa kurang mampuh dina ngébréhkeun idé jeung matalikeun antar unsur basa nu rék dijadikeun sisindiran boh dina wangun rarakitan, paparikan, atawa wawangsalan. Ieu hal balukar tina kandaga kecap nu dipiboga ku siswa kawatesanan. Materi pangajaran anu hésé kacangkem ogé jadi bangbaluh pikeun siswa sabab sisindiran mangrupa karya sastra nu dianggap ahéng tur nalika ngajelaskeun matéri ajarna guru masih ngagunakeun métode ceramah. Antukna siswa kurang motivasi diajar.

Nurutkeun (Nurfazri, 2020), dina panalungtikan anjeunna ngeunaan larapna modél pangajaran *mind mapping* dina nulis sisindiran, aya babaraha pasualan anu nyangkaruk dina hasil panalungtikanana ka tingket SMA/MA/SMK, di antarana: (1) kurangna kamampuh siswa dina maham wangun-wangun sisindiran; (2) kurangna kamampuh siswa maham struktur sisindiran; jeung (3) kurangna kamampuh siswa dina maham eusi, milih pilihan kecap anu merenah, nyaluyukeun guru wilangan. Dumasar tina hasil panalungtikan di luhur dina prak-prakanna aya faktor nu ngabalukarkeun kamampuh nulis sisindiran, nyaéta ku lantaran siswa can maham pisan ngeunaan sisindiran.

Dumasar kana pasualan di luhur yén siswa can mampuh nulis sisindiran kalawan bener tur merenah. Ku kituna, diperlukeun stratégi pangajaran pikeun ngaoptimalkeun kagiatan siswa dina prosés pangajaran sarta dipiharep ningkatkeun préstasi hasil diajar sacara maksimal. Dina nyingkahan pasualan-pasualan éta tangtu merlukeun modél pangajaran anu éféktif.

Salasahijina nyaéta ngagunakeun modél pangajaran anu luyu keur ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran. Modél pangajaran anu digunakeun nyaéta modél *Everyone is a Teacher Here*, anu ngaronjatkeun pola pikir jeung ngirut siswa keur diajar nulis sisindiran. Nurutkeun (Suprijono, 2013), modél *Everyone is a Teacher Here* mangrupa modél pangajaran anu ngalatih kamampuh siswa pikeun leuwih aktif dina ngébréhkeun eusi pikiranna boh sacara lisan ogé sacara tulisan. Modél ieu ogé luyu jeung Kurikulum Merdeka lantaran, siswa bisa leuwih ngamekarkeun pangalaman jeung kamampuh diajar sacara mandiri dina diajar. Siswa bisa leuwih aktif lantaran aya prosés sosialisasi langsung jeung

Rafli Prayoga Ramadhan, 2023

MODEL EVERYONE IS A TEACHER HERE DINA PANGAJARAN NULIS SISINDIRAN (STUDI KUASI EKSPERIMEN KA SISWA KELAS XI-1 SMA NEGERI 6 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

baturanana, ogé leuwih éféktif lantaran siswa leuwih wani nanya ka baturanana ti batan nanya ka guru.

Dina prosés diajarna modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* ngawangun suasana diajar anu aktif jeung éféktif. Guru méré lolongkrang ka siswa pikeun maham matéri, nyangking informasi, idé, kaparigelan, cara mikir, jeung ngébréhkeun idé ngaliwatan proses lisan-tulisan.

Ogé nurutkeun (Zaini et al., 2008) dina buku anu judulna *Strategi Pembelajaran Aktif* nétélakeun yén loba cara pikeun siswa bisa diajar kalawan aktif nu disebut métode diajar aktif. Métode atawa pakakas diajar aktif nu dimaksud ku Aryani nyaéta aya tata rohangan kelasna, metode ngaaktifkeun siswana, nyieun kelompok diajar mimitraan dina cara diajarna, ngaanalisis kabutuhan siswana, ngamekarkeun minat siswana, ngaronjatkeun pamahaman siswa dina kagiatan diajar, ngaéfisiénsikeun waktu jeung ngokolakeun kagiatan siswa di rohangan kelas. Modél pangajaran ieu miboga kaonjohan anu ditétélakeun ku (Aprilia & Ansori, 2020) dina panalungtikanana:

Nurutkeun (Aprilia & Ansori, 2020), aya sababaraha kaonjohan modél *Everyone Is a Teacher Here*, nyaéta: (1) bisa maham materi kalawan teleb; (2) ngarojong prosés diajar sacara éféktif; (3) bisa ngajén siswa anu maham jeung anu teu maham kana matéri nu diajarkeun; (4) ngalatih kamampuh siswa pikeun mikir kritis; jeung (5) wani dina ngébréhkeun kamandang ngaliwatan media lisan ogé tulisan.

Anapon panalungtikan saacanna anu miboga sasaran jeung ieu panalungtikan, nyaéta panalungtikan (Aprilia & Ansori, 2020), nu judulna “*Penggunaan Model Everyone is a Teacher Here dalam Meningkatkan Hasil Belajar Siswa*” anu hasilna ngaguar yén modél *Everyone is a Teacher Here* bisa cocok jeung pangajaran Mata Pelajaran Ilmu Pengetahuan Sosial nu mana Mata Pelajaran Ilmu Pengetahuan Sosial miboga stigma anu kawilang monoton. Strategi pangajaran modél *Everyone is a Teacher Here* cocok pikeun ngaronjatkeun kapercayaan diri siswa, ngamungkinkeun siswa matak kataji kana matéri nu diajarkeun ku guru. Nanging, nurutkeun (Aprilia & Ansori, 2020) ogé, modél pangajaran ieu miboga kahéngkérana dina téhnisna saperti patalékan-patalékan siswa anu teu pati luyu jeung tujuan pangajaran, lila méakkeun waktu dina prosés pangajaran nepi ka siswa teu bisa ngajawab patalékan siswa.

Panalungtikan séjénna (Halidin, 2020) anu judulna “*Pengaruh Strategi Pembelajaran Everyone Is A Teacher Here Terhadap Hasil Belajar Matematika*”. Hasilna ngaguar yén modél *Everyone is a Teacher Here* cocok jeung bisa jadi alternatif pikeun ngaronjatkeun hasil pangajaran dina mata pelajaran matematika nu dasarna ngasah pamahaman ti batan ngasah kaparigelan basa. Bébédana dina ieu panalungtikan, nyaéta siswa dibéré lolongkrang pikeun maham kana sisindiran, tapi satuluyna bakal dilajeng ka ngébréhkeun hasil pamahamanna kana wangun tulisan anu mangrupa wangun sisindiran.

Panalungtikan lianna anu ngagunakeun modél *Everyone is a Teacher Here* nyaéta panalungtikan (Dewi et al., 2019) nu judulna “*Efektivitas Pembelajaran Daring Model Everyone Is a Teacher Here Dengan Google Meet Terhadap Hasil Belajar Geografi Peserta Didik Kelas X IPS Materi Pokok Perairan Laut di SMA Negeri 1 Baturetno Tahun Ajaran 2020/2021*” anu hasilna medar yén larapna ieu modél modél *Everyone is a Teacher Here* éféktif dina Mata Pelajaran Geografi méré lolongkrang ka siswa pikeun maham kana matéri ku cara nyieun kelompok diskusi, tuluy siswa ngébréhkeun hasil diskusi kana wangun tulisan. Antukna, dipintonkeun hasilna kana wangun lisan. Sasaruan jeung ieu panalungtikan, nyaéta dina hasil diajarna anu ngawengku hasil nulis sisindiran anu dipintonkeun di hareup kelas.

Nilik judul di luhur, panalungtikan ngeunaan modél *Everyone is a Teacher Here* masih perlu dilarapkeun sabab dina bahan ajar anu digunakeun nyaéta matéri nulis sisindiran saluyu jeung konsep modél *Everyone is a Teacher Here*.

Dumasar kana hal-hal anu kapaluruh di luhur, ku kituna panalungtikan nu judulna *Modél Everyone Is a Teacher Here* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-1 SMAN 14 Bandung Taun Ajaran 2023/2024) perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara pasualan anu kaidéntifikasi nyaéta, (1) kamampuh siswa nulis téks sisindiran, ditilik tina eusi téks sisindiran, diksi, purwakanti, guru wilangan, éjahan, karapihan tulisan, (2) modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here* (ETH) nyaéta sakabéh siswa kudu bisa jadi narasumber pikeun siswa séjénna atawa jadi guru kana matéri téks sisindiran.

Tina idéntifikasi masalah di luhur, aya sawatara masalah anu perlu dirumuskeun, nyaéta:

- 1) Kumaha kamampuh nulis téks sisindiran siswa kelas XI-1 SMAN Negeri 6 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis téks sisindiran siswa kelas XI-1 SMAN Negeri 6 Bandung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh nulis téks sisindiran siswa kelas XI-1 SMAN Negeri 6 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum yén tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji modél *Everyone is a Teacher Here* dina pangajaran nulis sisindiran ka siswa kelas XI-1 SMAN 14 Bandung Taun Ajaran 2023/2024.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan umum di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan husus nyaéta pikeun ngadéskripsikeun;

- a. kamampuh nulis téks sisindiran siswa kelas XI-1 SMAN Negeri 6 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*?
- b. kamampuh nulis téks sisindiran siswa kelas XI-1 SMAN Negeri 6 Bandung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*?
- c. aya henteuna béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh nulis téks sisindiran siswa kelas XI-1 SMAN Negeri 6 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Everyone is a Teacher Here*?

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan diayakeun pikeun neuleuban élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran, hususna modél pangajaran dina kamampuh nulis sisindiran.

Dipiharep ieu panalungtikan méré gambaran yén modél *Everyone is a Teacher Here* bisa mangaruhan kana minat diajar siswa hususna kana pangajaran nulis sisindiran.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis pikeun;

- a. pikeun siswa, sangkan bisa nambah pangaweruh jeung mekarkeun motivasi sarta bakal ngaronjatkeun hasil diajar, hususna kana pangajaran nulis sisindiran;
- b. pikeun guru, sangkan bisa nambah pangaweruh dina ngalarapkeun modélmodél pangajaran anu éféktif;
- c. pikeun panalungtik, méré motivasi ogé pangaweruh anu hadé pikeun ngalarapkeun modél *Everyone is a Teacher Here*, jeung bisa nyawang keur nu nalungtik sangkan dina prak-prakan ngajar bisa leuwih kréatif tur inovatif.

1.4.3 Mangpaat tina segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan pikeun ngarojong kana kawijakan pamaréntah anu nangtukeun yén bahasa daérah mangrupa bahasa nu kudu dimumulé kalayan ulah dileungitkeun. Luyu jeung aturan pamaréntah dina pasal 32 ayat 2 UUD 1945 nétélakeun yén bahasa daérah téh kudu dimumulé salaku cicirén kabeungharan bangsa.

Lian ti éta dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bongbolong pikeun ngungkulan rendahna minat siswa pikeun mikawanoh jeung resep kana basa Sunda salasahijina dina pangajaran sisindiran.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I mangrupa bab munggaran dina ieu skripsi. Dina bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeunna ieu panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga panulisan skripsi.

Dina bab II dipedar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan sacara leuwih jéntré. Dina bab II ngawengku kajian pustaka anu dijerona medar ngeunaan tiori modél pangajaran, modél *Everyone is a Teacher Here*, jeung larapna modél

Everyone is a Teacher Here dina pangajaran nulis sisindiran. Salian éta, medar raraga mikir, asumsi jeung hipotésis panalungtikan.

Dina Bab III dipedar ngeunaan métode nu dipaké dina ieu panalungtikan. Eusina medar ngeunaan média panalungtikan, kaasup sababaraha komponén, di antarana: lokasi jeung jejer panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data. Dina nganalisis data, ngaliwatan sababaraha prosés di antarana nguji sipat data anu ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas satuluyna uji hipotésis pikeun mikanyaho kaéféktifan modél *Everyone is a Teacher Here* dina pangajaran nulis sisindiran.

Dina bab IV dipedar hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Dina bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pambahasan, nyaéta analisis data pikeun manggihan hiji hal ayar nu aya patalina jeung masalah panalungtikan, hipotésis, jeung tujuan panalungtikan, ogé medar hasil temuan panalungtikan.

Dina bab V ngawengku kacindekan tina sakabéh pedaran ogé saran kana panalungtikan anu geus diaksanakeun sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.